ISSN: 2181-3906 2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 10 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# DRIJORLIQ KÓRKEM-ÓNERI TARIYXI

**Maxmud Zuxurov**
Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filyalı oqıtıwshısı

https://doi.org/10.5281/zenodo.10039878

***Anotatsiya.*** *Bul maqalada drijyorlıq pániniń maqseti hám wazıypaları,drijyorlıq kórkem-óner tariyxı, drijyor tayaqshası haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sóz:*** *kórkem-óner, drijyorlıq, terminologiya, shef orkestr, nota.*

## HISTORY OF THE ART OF CONDUCTING

***Abstract.*** *This article talks about the purpose and tasks of conducting science, the history of conducting art, and the conductor's baton.*

***Key words:*** *art, conductorship, terminology, chief orchestra, sheet music*

## ИСТОРИЯ ДИРИЖЕРСКОГО ИСКУССТВА

***Аннотация.*** *В данной статье говорится о целях и задачах ведения науки, истории дирижерского искусства, дирижерской палочке.*

***Ключевые слова:*** *искусство, дирижерство, терминология, главный оркестр, ноты.*

Kórkem-óner degende kórkem dóretiwshilikti túsinemiz, hár bir kórkem-óner shıǵarması óz janr qásiyetlerine kóre turmıs tábiyat kórinisin ańlatadı. Kórkem-ónersiz turmıs nursız, gúńgirt, logikasız hám zerikerli bolıp qalar edi. Álem hádiyselerin jaqtı obrazı arqalı yamasa sùwretin muzıka arqalı ańlatıwǵa erisedi. Ol (muzıka ) insannıń ruwxıy kámalında aktiv qatnas etedi, gózzallıq, talǵam haqqındaǵı qıyallarınıń qáliplesiwine nátiyjeli tásir kórsetedi.

Neshe mıń jıllardan berli insaniyat muzıkaǵa, onıń gózzal sesler uyǵınlıǵılarına súysinip keledi, ustaz -shákirt dástúrleri arqalı atqarıwshılıq uqıplarıń iyelew boyınsha izertlewler júrgizedi. Bunda muzıkalıq miyraslar shıǵarmalarınıń ruwxıy tárbiya quralı sıpatında úyretiw usılları úlken áhmiyetke iye boladı.

Drijyorlıq pániniń maqseti studentlerdi jámáát bolıp orınlanıwına basshılıq qılıw, xalıq saz-ásbapları orkestri repertuarı, túrli jumıs usılları, Drijyorlıq tájiriybesi hám basqa atqarıwshılıq kórkem-óneri qaǵıydaları menen tanıstırıw hám de ámelde atqara alıw ilimiy tájriybelerin iyelewden ibarat.

Kórkem-ónerler ishinde eń jası hám kem úyrenilgeni drijyorlıq kórkem-óneri esaplanadı. Drijyorlıq ámeliyatı onıń teoriyasın talay artta qaldırdı. Biraq áyne teoriyaǵa bolǵan mútajlik barǵan sayın artıp barıp atır. Ásirese drijyorlıqqa úyretiw jumısında oǵan mútajlik úlken.

Drijyorlıq tarawında tálim beriw ushın teoriyalıq negiz jaratılıwına tiyisli izertlewler tınımsız dawam etip atır, biraq sol payıtqa deyin hátteki eń fundamental túsiniklerdiń ulıwma qabıl etilgen hám barlıq ushın túsinikli bolǵan tariypleri joq. Terminologiyanı tariyplewde de túrli, geyde bir-birine qarsı pikirler bar.

Geyparalar "Drijyorlıq - bul kórkem-óner emes, oǵan oqıtıwdıń hájeti joq, jaysha orkestr yamasa xor aldında turıp, taktqa salıw yamasa metronomlawda jetkilikli, yaǵnıy atqarılıp atırǵan dóretpe takttıń bólek bólimlerin qol menen kórsetse jetkilikli hám drijyordıń wazıypası usınıń menen tawsıladı", dep esaplaydı.

Basqalar bolsa, "Dirijyorlıq - tek ishki tuyǵı sezimlerge tiykarlanadı, bul qanday da tilsimlik hám soǵan bólek qábiletli insanlar ılayıq, usınıń sebebinen drrijyorlıqqa úyrenip bolmaydı", dep esaplaydı. Hár qanday eki pikir hám oǵan uqsas oy-pikirlerdiń qáte ekenligin tastıyıqlap otırıw shárt emes. Drijyorlıq kórkem-ónerine bul sıyaqlı qaraslardı biykarlawshı mısallar turmısımızda da kóplegen ushırasadı. Drijyorlıq- bul qosıq aytıw, royal, skripka yamasa basqa saz-ásbaptı shertiw sıyaqlı atqarıwshılıq kórkem-óneri bolıp tabıladı.

Usınıń menen birge drrijyorlıq atqarıwshılıq kórkem-ónериniń basqa túrlerinen saldamlı parıq etedi: eger muzıkantlar jansız zatta muzıka atqarılsa (fortepiano, skripka, truba, nay, rubab hám t. b.). hám olardıń atqarıwshılıqları saz-ásbaptıń sapası hám de ózleriniń uqıplarına baylanıslı bolsa, drrijyor kóplegen bir-birinen parq etiwshi insanlar menen islesedi.

Ol óz aldında turǵan xor yamasa orkestr aǵzaların bir jámáátte toplap, olardı sonday birlestiriwi kerek, bul jámáát onıń basqarıwında tap jaqsı dúzilgen muzıka saz-áspabı sıyaqlı jańlawı kerek. Sonı da aytıw kerek, drrijyorǵa óz kórkem-óneri haqqında jazıwdan kóre, drrijyorlıq qılıw ańsatlaw: drrijyorlıq iskerliginiń kózge kóriniwshi bólegin ulıwma tariyplew qıyın.

Biraq, ol yamasa bul qol háreketin muzıkasız, sózler menen xarakteristikalaǵannan kóre, onı muzıka fonında kórsetip bergen ańsatlaw. Sol sebepli. drrijyor jumısınıń ayrıqshalıǵı, orkestr yamasa xor basshısı sıpatınde onıń moynına júkletilgen wazıypanıń qanshelli quramalılıǵın esapqa alǵan halda aytıwımız múmkin, bolajaq drrijyor bul quramalı hám juwapkerli jumısta tabısqa erisiw imkaniyatın beretuǵın arnawlı qábiletke, úlken muzıkalıq-teoriyalıq hám ámeliy tayarlıq bilimlerine iyelewi shárt.

Frak kiyip, orkestr tóbesinde turǵan hám muzıka jańlap atırǵan bir waqıtta qolın silkitip turǵan adamdıń haqıyqıy róli neden ibarat?

«Drijyor» sózi túrli tillerde túrlishe aytıladı: nemisler «Dirident, italyanlar «Diridente», fransuzlar «Shef orkestre», inglizler «Konduktor» deydi.

Hár qaysı tilde de bul sóz baslıq, basshı, direktor mánisin ańlatadı. Solay etip, drijyor bul - orkestr komandasınıń basshısı bolıp tabıladı. Onıń tiykarǵı waziypası - bul jámááttiń turmısı aktiv hám jaqsı shólkemlestirilgen bolıwın baqlawdan ibarat. Drijyor sazendeler muzıkalıq shıǵarmanı uyqaslıqta atqarıwları, olar shıǵarmanı birge baslap, birge tamamlawları, óz saz-ásbapların bir taktta shertiwleri, pauzalardı waqtında uslap, bir taktta nama baslawların támiyinleydi.

Drijyor sazendeler atqarılıwın birden-bir ritm hám tempke maslastırıwdı, olardı atqarıwshılıqqa jóneltiriw ushın belgi beriwi kerek. Haqıyqatında, uzaq waqıt dawamında kópshilik, drrijyor wazıypası tek orkestrdiń birden-bir ritmdegi atqarılıwın támiyinlewden ibarat, dep tùsinedi. Tiykarınan bolsa, drijyorlıq kásibi júdá quramalı hám qıyın esaplanadı.

Ol kútá úlken intellektual hám awır miynet, turaqlı fizikalıq quwatlılıqtı talap etedi. Solay eken, drijyor bekkem salamatlıqqa hám shıdamlılıqtı iyelewi zárúr. Onıń ushın zárúr bolǵan ózin qolǵa ala biliw qásiyeti de salamatlıq hám nerv sistemasınıń jaǵdayına baylanıslı.

Drijyor 100 den artıq muzıkantlar iskerliginiń tiykarǵı muwapıqlashtırıwshısı bolıp tabıladı. Onıń róli bólek rejissyor róline uqsap ketedi. Rejissyor – teatrdaǵı saxna shıǵarmasınıń kórkem basshısı, spektakldı tayarlaw boyınsha barlıq islerdiń basın birlestirip turadı. Drijyordı da tikkeley orkestrdiń rejissyorı dep qarawımız múmkin.



1-súwret

Professional Drijyorlıq kórkem-óneri basqa kórkem-óner túrlerine salıstırǵanda ádewir jas bolıp, arnawlı hám ǵárezsiz atqarıwshılıq iskerlik túri sıpátında XIX ásirdiń ekinshi yarımında tolıq qáliplesken dewimiz múmkin. Biraq óziniń Drijyorlıq negizi menen - jámáátshilik muzıka atqarılıwınıń basqarıw kórkem-óneri sıpatında - uzaq ótken zamanǵa barıp taqaladı. Áyyemgi Egipet hám Greciyada muzıka jámáátleri basqarıwında málim insanlar turǵan, olar ózleriniń qol háreketleri menen ol yamasa bul atqarıwshılıq qásiyetlerin sazende hám qosıqshılarǵa kórsetip, olarǵa hár túrlı mimika-belgiler menen basshılıq etken.

Házirge shekem saqlanıp kiyatırǵan áyyemgi diywaliy pát hám basqa sùwretler bul maǵlıwmatlar haqqında derek beredi. Sol dáwirlerde drrijyorlıqtıń baslanǵısh formaları bolǵan bul háreketlerdi "Xeyronomiya" dep atalǵan: sebebi málim qol hám barmaq háreketleri sisteması járdeminde atqarıwshılar topارı basshısı pát, ólshem, ritm, nama háreketi baǵdarların kórsetip bergen. Xeyronmiyanı (xironomiya) oylap tabılıwı áyyemgi muzıka ámeliyatında óziniń sol dáwir salıstırǵanda aldıńǵı kórsetkishlerin atap etken.

Biraq usınıń menen birge orta ásirlerde drrijyorlıqtıń bul usılı ámeliy jumıs alıp barıw processinde salmaqlılıq, atqarıp atırǵan muzıka dóretpelerin mánislerin tolıq ashıp bere almaslıǵı, olardı jaysha shártli háreketler tiykarındaǵı bir qural ekenligi málim bolıp tabıladı.

Ótken zamanlardaǵı jámáát atqarıwshılıǵında qollanılǵan ápiwayı, kórgizbeli háreket (ayaq penen jer tebiw, qoldın' birdey háreketi, shappát shertiw hám b.) lar koncerteysterlik hám ansambller atqarıwshılıǵında esitiw, kórip-baqlaw ushın járdem bererdi. Sonlıqtan, jámáát basshısı óz háreketleri menen kórsetken dawıstı olar kórip hám sol waqıttıń ózinde ayaq penen jer tebiw, shappát shalıp turıwların atqarıwshılar esitip turar edi. Barlıq háreketlerdiń haqıyqıy mazmunı, zamanagóy nota jazıwı payda bolǵannan sońǵılıǵında óz mánisine iye boldı.

Sol dáwirden baslap drrijyorlıq kórkem-óneri hám drijyor wazıypası da muzıka kórkem-ónerinıń rawajlanıwı menen baylanıslı halda uzaq joldı basıp ótti. Nota jazıwınıń jaratılıwı

drijyorlıq kórkem-óneri tariyxında úlken orın tutadı hám keyinirek jańa, quramalı muzıka janrları (opera, oratoriya, asbap muzıka formaları ) nıń shólkemlestiriliwi hám tarqalıwı áhmiyetli bolıp tabıladı. Atqarıwshılıq jámááti basshısınıń wazıypası, maqseti bara-bara jańa usıllar hám atqarıwshılıq texnikalıq quralları menen keńeyip quramalılasıp bardı.

Zamanagóy nota jazıwı payda bolıwınan talay aldın XV ásirdiń birinshi yarımında xor jámáátin basqarıw ushın battuta - dep atalǵan uzın, ushlı úlken tayaq qollanılǵan; ol bolsa shıraylı, reń-báreń etip bezetilgen bolıp saxnanıń barlıq tárepinen kórinip turatuǵın bolǵan. Ol "patsha tayaqshaları" dep te júrgizilgen.

Álbette, battuta járdeminde drijyorlıq qılıw ádewir kemshiliklerge iye bolǵan. Birinshiden, óziniń qolaysız úlkenligi, qopallıǵınan drrijyor jámáát basqarıwında jeńil háreket qıla almas, onıń háreketleri tek ǵana takt urıp turıw menen bánt bolıp qalar, ekinshiden, hár taktta jerge urıp turıw bolsa, muzıkanı shawqımsız esitiwge imkan berer edi. Sol sebepli de XVII hám XVIII ásirlerde shawqımsız drrijyorlıq qılıw ushın izertlewler alıp barılǵan hám jetkilikli usılı tabılǵan.

Anıqraǵı, ol muzıka ámeliyatında tábiyiy halda payda bolǵan bólek usıl bolıp, general-jetkilikli yamasa san qoyılǵan jetkilikli dep atalǵan. General-jetkilikli joqarıdaǵı dawısqa bir bolıwshı shártli jazıw bolıp esaplanǵan, hár biri sanlar menen kórsetilip, sol jerde áyne qanday akkord atqarıwı shama menen atqarılǵanlıǵı jazılǵan, atqarıwshılar bolsa óz qalewlerine qarap muzıkaǵa hár túrlı garmoniyalıq akkordlar menen bezew bergen.

Bunday quramalı jaǵdayda general-bastı notalastırıw wazıypasın tábiyiy halda drrijyor óz moynına aladı. Ol klavesin stulǵa otırıp jámáátti basqara baslaydı. Bul hal oǵan drrijyor hám de shayır-improvizatorlıq (impravizatsiya) atqarıwshısı wazıypasın júkleydi.

Ansambl atqarıwshılıǵında drijyor aldınan akkordlar menen muzıka shıǵarmasınıń tezligin, ritm-pátin, bası yamasa kózleri mimikalıq-belgileri menen kórsetip turǵan, geyde ayaq soqqı urıwları menen de ózine járdem bergen. Bunday usıldaǵı drrijyorlıq XVII ásirdiń aqırı hám XVIII ásirdiń baslarında operada, keyin bolsa konsert ámeliyatında bekkem orın aladı.

Zamanagóy drrijyorlıq tili - kórinisi ańlatpası hám qol háreketi tili sıpatında insannıń kóp ásirlik tájiriybesi menen sınalǵan baylanıs jardeminen paydalanıp, qáliplesken. Qol háreketi hám kórinisi ańlatpası tili hámmege túsinikli, mánili hám bay bolıp tabıladı. Ol tezlik penen qaytarılıwshı emotsional juwapqa sebep boladı.

Qol háreketleri úlken sezimlik - obrazlı ańlatpa kúshine iye: olar ashıwshaq yamasa álpayım, soraw yamasa tastıyıqlaytuǵın, ótinish etiwshi yamasa biykarlawshı, shaqırıq yamasa usınıs etiwshi, kútip alıwshı yamasa tańlanıwshı, eskertiwshi yamasa abaylawshı bolıwı múmkin hám t.b. Atqarıp atırǵan muzıkanıń obrazlı emotsional mánisine qarap, ol yamasa bul mánisli háreket saylanadı.

XIX ásirde drrijyorlıq tayaqshasınıń payda bolıwı úlken bir jańalıq boldı. Insan tábiyatı sonday - biz úyrenip qalǵan zatlarımızdan waz keshiwimiz júdá qıyın. 1812-jılda Venada bolıp ótken muzıkalıq bayramda drrijyor qolında tayaqshanıń payda bolıwı kópshiliktiń itibarın tarttı.

ISSN:
2181-3906
2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 10 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ



2-súwret

1817- jılda bolsa Frankfurt Mayn qalasında drrijyor Shpor dáslepki bar oń qolında tayaqsha menen drrijyorlıq ete basladı. Rixard Vagner bolsa birinshi ret tıńlawshılarǵa arqası menen turıp, drrijyorlıq etti. Ol waqıtlarında konsertlerge ápiwayı xalıq emes, bálkim joqarı siyasiy gruppalı mırzalar hám xanımlar, patsha jáne onıń ámeldarları keletuǵın edi. Olarǵa teris turıp drrijyorlıq qılıw ol waqtında úlken gúná hám húrmetsizlik esaplanar edi.

Rixard Vagner bolsa bul dástúrdi qatań turıp buzdı. Gáp sonda, bunnan aldın drrijyorlar orkestrge teris turıp, tamashagóylerge qaragan jaǵdayda drijyorlıq qılatuǵın edi. Shpor óz eslewlerinde óz konsertleriniń birinde tayaqsha menen hesh bir shawqımsız hám júzin artıqsha tırıstırmay drijyorlıq islegenin hám bul tamashagóylerge júdá jaqqanlıǵın, biraq direksiyanıń uwayımǵa salǵanın sóylep bergen edi. Sonnan keyin tayaqsha menen barlıq jerde drijyorlıq ete basladı. Ol ulıwma drijyorlıqtıń tımsalına aylandı. Tayaqshanıń payda bolıwı drijyorlıq usılınıń almasınıwın ǵana emes, bálkim bunnanda úlkenlew mánisti ańlatadı. Endi Drijyor tayaqshanı tuw sıpatında alıp, «taxtqa shıqtı» hám húkimranlıq ete basladı.

Drijyor tımsalında bolsa endi birden-bir atqarıwshılarǵa húkimranlıq etiwshi shaxs sıpatında kórinetuǵın boldı, jıynaldı. Nátiyjede, XIX ásirdiń 40-jıllarına kelip, drrijyorlıqtıń jańa usılı tolıq payda boldı. Solay etip, drijyorlıq tayaqshası demde barlıq tárepten tán alındı. Endi tayaqsha júdá kerekli járdemshige aylandı. Sebebi ol sebepli qol uzınlaw, mayısqaqlaw boladı. Tayaqsha uzaǵıraqqa anıqlaw kórinedi. Ol alaqan hám barmaqlardıń hátteki eń názik háreketlerin da anıq jetkizip kórsete aladı. Bulardıń barlıǵı tek ǵana eger tayaqsha haqıyqatlıqtan da qoldıń dawamı bolıp, ol menen organikalıq tárizde baylanısqan bolsa, qoldıń «qálewin» bildirse hám ritmge kesent beretuǵın artıqsha zat bolmasa ǵana tuwrı bolıp tabıladı.

Tayaqsha «janlı-serlewshi» bolıwı kerek. Sonda ǵana ol drijyor hám orkestrge payda keltiredi. Orkestrdiń hár bir aǵzası bunı jaqsı biledi. Eger tayaqshanıń ushı menen drijyorlıq etilse, ol kerekli hám paydalı ásbap bolıp tabıladı, eger drijyorlıq orayı basqa orında, qol alaqanında, bilekte hám basqa jerde bolsa, ol jaǵdayda tayaqshadan payda joq. Tayaqsha onnan paydalanıwdı bilgenlerge kerek. Keri jaǵdayda ol paydasız, hátteki zıyanlı dep esaplanadı.

Tayaqsha menen islew jaqsıma yamasa joqpa degen sorawdıń mánisi de sonda. Biraq drijyor tek kózleri yamasa qasları menen basqaratuǵın hallar da boladı. Mısalı, Artur Nikish geyde kózleri yamasa qasları menen drijyorlıq etken payıtları da bolǵan. Ol bunı asa uqıplılıq penen atqarǵan, óytkeni ol - Nikish edi! Sol orında pútkil bir konsertti kóz hám qas háreketleri menen basqargʻan Amerikalıq drijyor haqqında da eslep kóriń - a!

Nikolay Malkonıń jazıwınsha, belgili drrijyor Ernst Anserme qashandur oǵan, drrijyorlıqtı baslawdan aldın tayaqshanıń ushına qarawın, sonda orkestr de kútilmegende soǵan tigilip qalıwın aytqan. Bul-jaqsı máslahát! Tayaqshadan paydalanıw nátiyjesi, onı qanday islew hám isletiwge

baylanıslı. Onıń ushın tayaqshanı shetke qaratıp emes, bálkim qol baǵdarında uslaw kerek. Sonı aytıwımız kerek, tez-tez sonday jaǵday ushırasıp turadı, bunda tayaqsha ulıwma drijyorlıq etpeydi, sebebi orkestr aldında eki drijyor - qol hám shetke qaratılgan tayaqsha kórinetuǵın boladı. Bul eki «drijyor» mudamı da awızbirshilikte háreket etpeydi. Sol sebepli tayaqshanı ortasınnan emes, bálkim ushınnan tutıw kerek boladı.

Tayaqsha hámmege jaqsı kórinip turıwı kerek. Bul áwele qol jaǵdayına baylanıslı bolıp, tayaqshanı drrijyorlıq pultı tosıp qoyatuǵın dárejede tómen uslamaslıq kerek. Sonıń menen birge, qoldı yamasa eki qoldı da bas ústinde kóterip, túsiniksiz hám «sırlı» aylanba háreketler de etip bolmaydı. Bunnan tısqarı bir tárepke burılıp, óz gewdesi menen tayaqshanı orkestrden tosıp qoyıw da nadurıs. Ásirese sol bólim usı waqıtta drrijyorǵa mútajlik sezip turǵan bolsa.

Qullası, sonı esten shıǵarmaw kerek, drijyorlıq tayaqshası esitilmeydi, biraq kózge koriniwshi belgiler beriw ushın qollanılatuǵın jaraqlı bolıp tabıladı. Orkestr atqarıwshıları óz partiyaları menen baylanıslı bolıp, olar tayaqshanı pauza waqtında kóredi yamasa atqarıwshılıq dawamında kóz qırı menen sezedi. Sol sebepli de drijyor tayaqshası muzıkantlardıń dıqqat orayında bolıwın hám olarǵa isenimli tayaq bolıp xizmet etiwin támiyinlewi zárúr.

Tayaqshanıń ólshemleri orkestrdiń hám orınnıń úlken-kishiligine qarap belgilenedi hám kóbinese ol drrijyordıń ózine silteme bolıp, hár kim ózine qolaylı bolǵan hám úyrenip qalǵan tayaqshası menen islegeni maqul. Geyparalarǵa uzın tayaqsha jag‘adı, geyparalarǵa keltesi, ayırımları sherim yamasa qara qayıń qabıǵınan tayarlanǵan material menen oralǵan saplı tayaqshanı maqul kóredi, basqalar bolsa joq. Bulardıń barlıǵı kisiniń ózine baylanıslı, tayaqsha drijyorǵa xızmet etedi, kerisinshe emes.

Aytıwlarınsha, Feliks Motl bálent boyı bolǵan hám kishkene, qısqa ǵana tayaqshadan paydalanǵan, Artur Nikish bolsa pás ǵana bolǵan hám uzın tayaqsha menen berilip drijyorlıq etken. Hár ekewin de óz jumısın uqıp penen islegen. Solay etip, tayaqsha barlıq drijyorlar ushın zárúr, dep ayta alamız -ba? Álbette, joq! Ol basqalardan ajıralıp turıwdı qálegen adamǵa emes, bálkim onısız jaqsılaw drijyorlıq etiwi múmkinshiligine, isengenlerge kerek emes degenimiz tuwrı boladı.

Konstantin Sergeyevich Stanislavskiy sonday degen edi:"Drijyor qolındaǵı tayaqsha nege kerek? Muzıkantlardı urıs ushın ba? Kórsetiw ushın ba? Biraq bizde naǵız óziniń ushın mólsherlengen barmaq bar».

Haqıyqattan da, tayaqsha mayısqaq, mánis, drijyordıń hár qanday pikiri yamasa sezimin sáwlelendiriwge ılayıq bolǵan qolǵa teńlese aladıma?

Ámeliyatta tayaqshasız drijyorlıq qılıw halları da bolǵan. Mısalı, V. I. Safonov (tayaqsha isletpeslik tárepdarı), G. Sherxen, D. Mitropulos, L. Stokovskiy hám basqa belgili drijyorlar tayaqshasız drijyorlıq etken. Olar tájiriybesi geyparalardıń oń qol alaqanı hám barmaqları uzaqta otırǵan atqarıwshılarǵa jaqsı kórinbeydi, degen qáweterlerdi joqqa shıǵardı. Haqıyqatında, bul qollanba avtorı Muqimiy atındaǵı muzıkalı teatrda 40 jıldan artıq waqıttan berli drrijyor bolıp islep, sonnan 30 jıldan artıq waqıt dawamında tayaqshasız islep kelip atır.

Óz tájiriybesinde orkestr hám saxnadaǵı atqarıwshılardıń kópshiligi onı nátiyjede de jaqsı túsiniwine isenim bolǵan, olar tárepinen narazılıq keyipi sezilmegen. Drijyorlıqtıń bunday usılda oń alaqanı hám barmaqları kóbirek erkinlikke iye boladı hám bul óz gezeginde ásirese názik jaǵdaylardı ańlatıwda drijyorlıq texnikasınıń usılları keńeyip, bayıtılıwına xızmet etedi.

Haqıyqattan da tayaqsha qol háreketlerin orkestrlar hám saxnadaǵı artistlerge anıq kórinetuǵın bolıwın támiyinleydi, bardı da qol tayaqsha uslawdan azat bolsa, barmaqlardıń ańlatpalıq múmkinshilikleri keńeyiwi anıq. Mısalı, simfoniyalıq drrijyorlardan birinshi bolıp tayaqshasız isley baslaǵan V. I. Safonov sonday deydi: «Men endi bir emes on dana tayaqshaǵa iyemen, sebebi hár bir barmaǵımdı tayaqshaday isletiwim múmkin. Sonda men jansız taxtadan jasalǵan tayaqshadan kóre óz pikir hám tileklerimdi orkestrge qolım jardeminde ańlatpalı tárizde jetkere alaman».

“Hár qanday jumıstıń baslanıwı salmaqlı keshedi. Geypara drijyorlar orkestr menen islew processinde tájiriybesizlıgin kórsetedi hám pútkil ómiri dawamında sonday qalıwı múmkin. Tarawdan xabarsız adam orkestr drijyordıń háreketlerinde auftaktlardıń tuwrı hám anıq atqarılıp atırǵanlıǵı, drijyor háreketlerine itibarsız halda óz atqarıwı menen shuǵıllanap atırǵan orkestr atqarıwshıları haqqında júdá kem zattı túsiniwi múmkin.“

Drijyor háreketleri kóp quramlı bolıp, hár bir bólek háreket anıq wazıypaǵa tiykarlanǵanın muwapıqlastırıw talap etiledi. Ańlatpa processinde bolsa qol, ayaq, dene, bas hám barmaqlar háreketi salıstırǵanda ǵárezsiz boladı. Hár bir háreket óz wazıypasın atqaradı. Bunnan sheshim qılıw múmkin, drijyordıń atqarıwshılıq quralınıń zárúrli elementi - onıń denesi bolıp tabıladı. Jetik drijyordı oyda sáwlelendirsek, ol akrobat denesi, mimikanıń qolı hám aktyor júzin iyelewi kerek bolar edi. Tuwrı, bunday salıstırıw bórttirip aytılǵan gápler sıyaqlı kórinedi, biraq drijyorlıq kórkem-óneri ushın háreket hám mimika qábileti jetkilikli dárejede zárúrli áhmiyetke iye ekenligi anıq. Drijyorlıq háreketlerin erkin tutıwı tiykarında fizikalıq hám ruwxıy, psixikalıq zorıǵıw arasındaǵı teń salmaqlılıqtı saqlaw jatadı.

Bul process júrek urıwındaǵı ózgeriwsheńlik jaǵdayın yadqa saladı. Bulshıq etlerdi kernewi hám bosanıwı bir taktta qollaw erkinlik sezimin berip qalmastan, bálkim hárekettiń nátiyjeli bolıwın támiyinleydi, sebebi háreket bulshıq ettiń bosasıwı sıyaqlı júz beredi.

Tayaqsha járdeminde drijyorlıq qılıw usılınan waz keshiw keń tús almaǵanlıǵı bolsa tayaqshaǵa tilsimli kúsh dep qarawımız bul dástúrdiń tereń túbiri menen anıqlama beriledi.

**REFERENCES**

1. Zuxurov M. Orkestr va ansambl partituralari bilan ishlash //Science and Education. – 2022. – T. 3. – №. 1. – С. 945-951.
2. Зухуров M. M. DIRIJORLIK SAN’ATINING TURLARI VA EVOLYUSIYASI //Интернаука. – 2021. – №. 3-3. – С. 37-39.
3. Zuxurov M. KARAKALPAK MUSIC IN THE FIRST HALF OF THE 20TH CENTURY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 6. – С. 1124-1126.
4. Umarov Sh. Dirijyorlik. O’quv-qo’llanma. T., 2016
5. Кан Э. Элементы дирижирования. Л., 1980.
6. Казачков С.А. Дирижёрский аппарат и его постановка. М., “Музыка”, 1967.
7. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.

8. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – T. 9. – C. 386-392.
9. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – T. 1. – №. 5. – C. 509-511.
10. Tajimuratova Shakhnoza Saginbaevna. (2022). MANAGEMENT AND STUDY OF CULTURE AND ART. Web of Scientist: International Scientific Research Journal, 3(1), 758–762.
11. Sag'inbaevna, T. S. (2023). Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence. Spanish Journal of Innovation and Integrity, 18, 39-41.